



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN KONPETISYON ANBASADÈ WORLDPRIDE 2019

*Anbasadè pral patisipe nan Selebrasyon WorldPride ak Stonewall 50*

*Gade videyo k ap prezante gayan yo [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gayan nan konpetisyon Anbasadè WorldPride 2019. Gayan yo, yo te chwazi yo pou souliye divèsite nan kominote LGBTQ New York lan, pral patisipe nan selebrasyon WorldPride ak Stonewall 50 pou pwomouvwa mouvman dwa LGBTQ, sa enkli patisipe nan Mach Fyète a. WorldPride ane sa a - ki pi gwo selebrasyon entènasyonal Fyète LGBTQ - ap make premye fwa yo te reyalize li nan Etazini. Nan 1ye Jen, Gouvènè Cuomo te anonse gran ouvèti Sant Akèy WorldPride nan Eta New York, ki chita nan Vilaj West Vil New York jis kèk pa de Moniman Nasyonal Stonewall lan, epi 5 Jen, Gouvènè Cuomo te anonse gran ouvèti ekspozisyon Mwa Fyète LGBTQ nan Kapitòl lan.

"Mwa fyète se tan pou selebre divèsite ak akseptasyon ak pwogrè nou te reyalize nan konba pou egalite konplè, epi pa gen pi bon kote pou resevwa premye selebrasyon WorldPride nan Etazini apre New York," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Felisitasyon pou anbasadè WorldPride nou yo ki ap alatèt pou dwa LGBTQ epi montre lòt moun nan monn lan kisa ki fè Eta New York si espesyal."

"Istwa nou kòm yon lidè nan mouvman dwa LGBTQ se yon gwo pwen fyète nan eta New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandan n ap kòmanse Mwa Fyète a ak make Stonewall 50, n ap rekonèt lidè eksepsyonèl ki pral patisipe nan aktivite WorldPride pou onore eritaj nou an nan konba kontini pou egalite. Anbasadè nou yo pral souliye istwa nou ak selebre kominote LGBTQ nou an ki divès nan chak rejyon nan eta a."

Yo te ankouraje moun New York LGBTQ yo atravè eta a soumèt yon videyo ki dekri poukisa yo fyè de minisipalite yo an ak eta yo a, ak sa ki nan komin ak rejyon yo ke yo ta vle montre vizitè LGBTQ yo. Soti nan Buffalo ale nan Adirondacks ak nan Queens, Anbasadè WorldPride yo demontre kominote LGBTQ tout kote nan Eta New York. Anbasadè WorldPride nou yo se Angelique Piwinski, Ari Moore, Audrey de Jesus, Cecilia Gentili, Chelle Lhuillier, Drew Schiff, Judith Kasen-Windsor, Kelly Metzgar, Mohamed Q. Amin, Taylor, ak Trenor Wilkins.

Konpetisyon Anbasadè WorldPride lan fè pati pwomosyon global Eta New York ap fè pou WorldPride 2019 ak Stonewall 50. Nan mwa Jen 1969, manm kominote LGBTQ an yo te fè manifestasyon espontane nan Stonewall Inn nan Vil New York, sa ke plizyè moun te konsidere kòm katalis pou mouvman modèn pou dwa LGBTQ yo.

Eta New York ansanm ak I LOVE NY kontinye pwomouvwa epi ankouraje tout moun vizite Eta a pou Stonewall 50 ak WorldPride 2019. Pandan ane ki sot pase a, an patenarya ak òganizatè WorldPride 2019 ak Stonewall 50 (NYC Pride/Heritage of Pride), I LOVE NY te aktive nan aktivite Pride yo atravè mond lan pou pwomouvwa vwayaj nan aktivite an ak eta a. Yo te lanse yon kanpay piblisite ki enprime epi ki dijital ki sible, ki ap pwomouvwa aktivite WorldPride espesyal yo ki ap rive atravè Eta a. Gen plis enfòmasyon sou I LOVE NY LGBT, ansanm ak Gid Vwayaj WorldPride 2019, ki disponib [la a](#).

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Howard Zemsky, te deklare,** "Pandan n ap envite vwayajè LGBTQ nan tout monn lan pou fè eksperyans WorldPride nan Empire State lan, felisitasyon pou 11 Anbasadè nou yo ki pral kontinye ankouraje vizitè pou eksplore New York ak dekouvri eta nou an se yon lokal akeyan pou tout moun".

**Direktè Egzekitif Touris Eta New York la Ross D. Levi te deklare,** "WorldPride ofri opòtinite pafè pou vizitè LGBTQ yo prepare yon vakans ideyal nan Eta New York, epi nou eksite pou akeyi 11 Anbasadè WorldPride pou ede pwopaje mesaj lan. Ak evènman konsiderab ki planifye atravè eta a soti nan Long Island pou Niagara Falls, sa enkli komemorasyon Stonewall 50 yo nan Vil New York, gen opòtinite ilimite pou vwayajè pou jwenn sa yo renmen".

**Chris Frederick, Direktè Ekzekitif, Fyète NYC/ Eritaj Fyète (NYC Pride/Heritage of Pride) te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Eta New York paske yo nome Anbasadè WorldPride sa yo pou ane istorik sa a pandan n ap komemore 50yèm anivèsè Stonewall Uprising (Revòlt Stonewall). Endividi sa yo reprezante divèsite rich nou an ak travay enpòtan y ap fè atravè kominote LGBTQ atravè Eta New York".

**Kelly Metzgar, Anbasadè WorldPride nan Lak Saranac te deklare,** "Eta New York te rete yon lidè nan mouvman dwa LGBTQ pandan plizyè ane, epi anba lidèchip Gouvènè Cuomo eritaj sa a pa sèlman ap kontinye, men l ap vini pi solid toujou. Mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo pou opòtinite sa a pou montre monn lan enpòtans Lak Saranac, Adirondack North Country ak tout Eta New York lan reprezante pou mwen, ak kominote LGBTQ an. Mwen ankouraje tout moun vizite bèl Adirondacks espesyalman rejyon wo somè yo ak rejyon Olenpik Lak Placid lè yo nan New York ap selebre WorldPride".

**Ari Moore, Anbasadè WorldPride ki soti Buffalo te deklare,** "Sa vle di anpil pou mwen paske y ap selebre WorldPride 2019 nan eta natal mwen ki se New York. Kòm yon lidè LGBTQ nan Buffalo, mwen fyè pou m viv nan yon Eta kote egalite, lanmou, ak akseptasyon konkeri tout bagay. Gouvènè Cuomo se youn nan defansè ki pi entans pou dwa LGBTQ, soti nan pase egalite maryaj nan 2011 ale nan siyen GENDA pou vin lalwa ane sa a. Mwen rekonesan devan Gouvènè an pou chans pou m vin Anbasadè pou Eta mwen an epi reprezante kominote LGBTQ an nan Buffalo pandan selebrasyon memorab sa a."

Pandan tout manda li a, Gouvènè Cuomo te yon lidè nasyonal nan defann dwa LGBTQ yo. An 2011, New York te adopte yon Lwa sou Egalite Maryaj (Marriage Equality Act) ki istorik, epi li te voye yon mesaj bay tout nasyon an pou di ke li lè li tan pou mete fen nan

youn nan pi gwo inegalite sosyete a yo. Nan kòmansman ane a, Gouvènè Cuomo te siyen pou vin Lwa Kont Diskriminasyon Ekspresyon Seksyèl lan ak pwojè lwa ki ap entèdi pratik terapi konvèsyon deplorab lan, ki make yon vikwa fondamantal pou kominote LGBTQ a. Pou kontiye ak pwoteksyon yo ak egalite pou kominote LGBTQ New York lan, adopsyon GENDA a entèdi patwon travay yo, enstitisyon edikatif yo, pwopriyetè kay yo, bank kredi yo, ansanm ak lòt antite yo pou yo fè diskriminasyon kont moun sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl yo, epi rann enfraksyon ki komèt sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl vini krim rayisab anba lwa Eta New York lan.

An 2015, Gouvènè Cuomo te mete sou pye règleman ki deklare Lwa Dwa Imen Eta yo pwoteje tout moun ki transeksyèl yo, epi li te asire ke tout patwon travay piblik ak prive yo, founisè lojman, biznis, bank kredi yo ansanm ak lòt antite yo te konnen ke diskriminasyon kont moun ki transeksyèl yo sa ilegal, epi yo pa pral tolere li nan Eta New York. Ane pase a, Gouvènè Cuomo te nonmen Paul Feinman nan pi gwo tribinal eta a - Tribinal Apèl New York lan (New York Court of Appeals) - kote li te vin premye moun nan tribinal la ki pa kache li omoseksyèl.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)